

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Budaya jeung manusa téh mangrupa dua hal anu teu bisa dipisahkeun. Aya sakelompok manusa tangtu aya ogé budaya. Kecap budaya téh asalna ti basa Sansekerta tina kecap *buddhayah*, nu mangrupa wangun jamak tina *buddhi* (budi atawa akal), dihartikeun salaku hal-hal nu aya pakaitna jeung budi akal jeung akal manusa, dina ngolah jeung ngarobah alam.

Kabudayaan dina kahirupan manusa téh fungsional dina struktur-struktur kagiatan pikeun nyumponan kabutuhan-kabutuhan hirup manusa. Salaku kategori-kategori atawa golongan-golongan anu aya di jero lingkunganana, kabutuhan hirup nu kudu dipinuhan salaku manusa ngawengku tilu kategori, nya éta adab, etika, jeung moral, anu dipake pikeun ngainterpretasikeun jeung ngamangpaatkeun lingkungan sarta eusiana pikeun minuhan kabutuhan hirup manusa (Suparlan, 1984, kc. 71).

Nurutkeun Danadibrata (2006, kc.108), budaya asal kecapna tina “budi” jeung “daya” anu hartina usaha, tanaga, karep, pikiran, sarta rarasaan manusa. Sedengkeun harti kabudayaan nya éta hasil, tanaga, pikiran, sarta rasa pikeun nambahan kasenang jeung kani'matan ku rupa-rupa akal.

Tina sawangan élmu antropologi, kabudayaan nya éta sakabéh sistem gagasan, tindakan jeung hasil karya manusa dina kahirupan masarakat nu dipiboga manusa ku cara diajar (Koentjaraningrat, 2009, kc.144). Sedengkeun nurutkeun Eppink, kabudayaan téh ngandung sakabéh harti tina ajén sosial, norma sosial, élmu pangaweruh jeung sakabéh faktor struktur-struktur sosial, religius, jrrd. Ogé sagala ébréhan intéléktual jeung artistik nu jadi cicirén ti hiji masarakat (<http://id.wikipedia.org/wiki/Budaya>).

Cindekna, kabudayaan nya éta sagala hasil jieunan (cipta) nu miboga ajén jeung ajén éstétika (rasa) nu didasaran ku kahayang (karsa) manusa éta sorangan dina nyiptakeun hiji hal (kabudayaan). Salah sahiji bagian tina kabudayaan aya anu sipatna tradisi nya éta folklor.

Folklor miboga ciri-ciri atawa karakteristikna sorangan, contona folklor téh miboga sifat tradisi anu bisa disebarkeun dina bentuk anu relatif atawana bentuk standar. Nurutkeun sawangan Barthes, dina folklor loba tradisi anu medar ngeunaan tanda-tanda kahirupan sapopoé, aspek séjénna tina tanda nya éta “mitos” atawa “mite” anu jadi ciri masyarakat hiji daerah. Folklor téh aya nu kaasup folklor lisan (*verbal folklore*), folklor setengah lisan (*partly folklor*), jeung folklor lain lisan (*nonverbal folklor*). Folklor bisa dipaluruh dina kajian semiotik anu maluruh ngeunaan tanda (*sign*) atawa studi lambang dina kahirupan sapopoé.

Sacara basajan, sémiotik bisa dihartikeun salaku “élmu tanda”. Tuluy sémiotik dimekarkeun deui jadi hiji cabang élmu nu medar ngeunaan sagala hal nu patali jeung tanda. Sémiotik nya éta salasahiji élmu atawa métode analisis pikeun maluruh tanda (Sobur, 2009, kc.15).

Bidang anu jadi bahan kajian ajén semiotik ngawengku pasualan-pasualan sapopoé, anu salasahijina nya éta kode-kode kabudayaan (Sobur, 2009, kc.15). Dina sistem religi, sacara umum masarakat Sunda ngagem agama Islam. Tapi aya ogé nu ngagem agama séjén kawas Katolik, Protestan, Hindu, jeung Budha. Dina sawangan urang Sunda agama téh kudu jadi ageman, hartina kudu jadi cecekelan keur hirup di dunya jeung masarakat ogé hirup di ahérat engkéna. Mayoritas urang Sunda ngagem jeung taat ngajalankeun kawajiban jeung ajaran-ajaran agama Islam saperti sholat, puasa, mayar zakat, jeung munggah haji ka Mekah (Mustofa, 1999, kc.47)

Dina ngagem jeung taat ngajalankeun kawajiban masarakat Sunda ti jaman bihari nepi ka kiwari masih keneh nyekel deleg kana tradisi. Nurutkeun Ipan-Astuti (2008, kc. 2) éta tradisi téh kapangaruhan ku animisme jeung dinamisme.

Katitén dina upacara salametan, sunatan, kawinan, jeung sajabana. Ieu tradisi masih dilakonan jeung dimumulé ku masarakat Sunda. Hal ieu luyu jeung kamekaran peradaban Indonesia, yén saméméh sumebarna agama-agama nu ayeuna diaku ku nagara Indonesia (Islam, Katolik, Protestan, Hindu, jeung Buddha), masarakat Sunda masih kénéh ngagem kapercayaan-kapercayaan saperti animisme jeung dinamisme.

Dina kahirupan kaagamaan di masarakat Sunda ogé nyampak upacara-upacara salametan anu aya dina daur hirup masarakat Sunda ti mimiti lahir, nyunatan, nikah, nepi ka maot. Upacara salametan téh mangrupa simbol tina rasa sukur ka Gusti Allah. Tapi teu saeutik ogé dina kahirupan sapopoéna urang Sunda sok ditambahan ku hal-hal anu sabenerna lain ajaran Islam, kawas kapercayaan ka lembut atawa “ménta” kakuatan salian ka Allah. Teu ngan saukur dina upacara-upacara dasar hirup wungkul, tapi ogé dina hal-hal ngadegkeun imah, tandur, panén jeung hal-hal séjén.

Kabiasaan-kabiasaaan anu masih kénéh kapangaruhan ku kapercayaan-kapercayaan baheula téh masih kénéh dipaké di zaman kiwari. Upacara tradisional biasana kapangaruhan ku kapercayaan-kapercayaan animisme jeung dinamisme. Ieu hal katitén tina sistem kapercayaan ka roh-roh, jeung ritual-ritual ibadah anu teu saluyu jeung sababaraha agama, contona méré sasajén. Dina upacara-upacara tradisional anu dilakonan ku masarakat Sunda téh aya simbol jeung ma'na anu nyampak. Simbol-simbol loba pisan dipaké dina upacara-upacara tradisi di masarakat Sunda. Salasahijina dina ngaras anu sarat simbol jeung ma'na anu sakral.

Ngaras nya éta salasahiji bagean tina upacara pra nikah adat Sunda. Sacara etimologi nya éta asal kecap tina ras anu tinu *Kamus Umum Basa Sunda* (1992) mangrupa paneges tina kecap inget. Salian ti éta ngaraas miboga harti meuntas walungan anu caina sahandapeun tuur, jeung tina kecap ras nu miboga harti mangwaaskeun atawa ngingetan urang mangsa keur leutik dipikanyaah ku kolot atawa dipikanyaah pisan ku kolot.

Ieu upacara adat téh miboga sababaraha tujuan dina prak-prakanna. Kahiji, ngalobaan atawa ngeuyeuban deui babagian (segmen) upacara nalika nikahkeun. Kadua, miharep aya upacara nu husyu tur husus (hidmat tur unik). Katilu, tumuwuhna rasa hormat jeung ngajenan ka nu jadi kolot hususna keur calon panganten. Kaopat, miharep ridho ti Allah, SWT, sabab ridho kolot téh ridho Allah, SWT. Kalima, mageuhkeun tali silaturahmi antara panganten jeung dua keluarga. Kagenep, mere papagah ka pangantén jeung jalma anu hadir ngeunaan simbol anu aya dina prak-prakan ngaras. Anu pamungkas nya éta nenangkeun sacara emosional sangkan dua keluarga calon panganten siap sacara emosional pikeun nikahkeun calon panganten. Salian éta, tujuan ngaras anu utamana mah nya éta nembongkeun baktina calon panganten salaku anak ka kolotna, sarta negeskeun yén panganten geus sanggup pikeun nyanghareupan sagara rumah tangga (Hendrayana, dina unduhan PDF online 2011).

Ngaras mangrupa upacara adat Sunda anu tujuanna sangkan pangantén mikahormat ka kolot nu geus ngurus sarta mikanyaah manéhna ti leuleutik, nepi ka manéhna rék jadi calon pangantén. Upacara adat ngaras ogé dilaksanakeun sangkan urang nu jadi budak kudu bisa mawa alus ngaran kolot. Sarta miboga harti yén budak téh lain tanggungan kolot deui sabab geus dileupaskeun pikeun dipasrahkeun ka calon pangantén lalaki (Hendrayana, dina unduhan PDF online 2011).

Dina budaya Sunda, ngahormat ka indung bapa nyangkaruk dina ungkara *'Munjung ulah ka gunung, muja ulah ka sagara. Nya munjung kudu ka indung, nya muja kudu ka bapa'*. Éta ungkara tangtu waé minangka representasi tina ungkaranya indung anu ngakandung nya bapa anu ngayuga (Suryalaga, 1997, kc. 14).

Pedaran ngeunaan simbol jeung ma'na dina upacara pernikahan adat Sunda saméméhna geus dipedar ku Yulia Astuti, dina skripsi anu judulna Simbol jeung Ma'na nu Nyampak dina Tradisi Nikah di Desa Cigugur Girang Kacamatan

Parongpong Kabupaten Bandung (2008), jeung ku Puji Dwi Lestari, dina skripsi anu judulna Simbol jeung Ma'na Dina Runtuyan Acara Sabada Nikah (Bantayan) Adat Sunda di Kacamatan Jonggol, Kabupaten Bogor (2009). Sedengkeun ngeunaan simbol-simbol jeung tradisi mah saméméhna dipedar ku Asep Johan Kolamajaya, dina skripsi anu judulna Ajén Falsafah dina Simbol-Simbol Upacara Ruatan Bumi di Desa Parakan Garokgék Kecamatan Kiarapedes Kabupaten Purwakarta (2007), Resmi Putri Utami, dina skripsi anu judulna Tradisi Seni Penca Silat Oray di Paguron Sinar Raksa Muda Kecamatan Samarang, Kabupaten Garut (2011). Jeung Ikin Sodikin, dina skripsi anu judulna Simbol-simbol Budaya nu Nyampak dina Kasenian Cingcowong di Desa Luragung, Kacamatan Luragung, Kabupaten Kuningan Pikeun Pangajaran Maca Bahasa di SMA (2009). Bédana jeung ieu panalungtikan, nya éta dina panalungtikan saméméhna mah ngaawengku sakabéh tradisi nikah, ti mimiti ngalamar nepi huap lingkung. Sedengkeun ieu panalungtikan ngan nalungtik runtuyan acara dina upacara adat ngaras.

Luyu jeung hal di luhur, panalungtik miboga karep nalungtik ngeunaan simbol-simbol jeung ma'na tina ngaras. Ku sabab can aya nu médar ngeunaan ngaras sacara jembar, panalungtik mandang perlu ayana panalungtikan anu judulna “Simbol jeung Ma'na dina Runtuyan Upacara Adat Ngaras di Kelurahan Baleendah Kecamatan Baleendah Kabupaten Bandung”

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

Watesan jeung rumusan masalah dina ieu panalungtikan dipedar dina wangun kalimah ieu di handap.

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Runtuyan jeung acara nikah adat Sunda téh ngawengku pranikah, akad nikah (ijab kabul), jeung sabada nikah (bantayan). Sangkan ieu panalungtikan leuwih museur kana tujuan panalungtikan, diwatesanan masalah nu dipedar nya éta prak-prakan tradisi runtuyan acara pra nikah utamana mah dina ngaras. Ti

Nurizka, 2016

**SIMBOL JEUNG MA'NA DINA RUNTUYAN UPACARA ADAT NGARAS DI KECAMATAN BALEENDAH KABUPATEN BANDUNG**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

mimiti ayana pangaosan nepi ka siraman. Jeung simbol jeung ma'na nu nyampak dina acara ngaras nu ngawengku, pangaosan, ngumbah suku kolot, nepikeun ka acara siraman pangantén.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Ngarumuskeun masalah dina panalungtikan mangrupa hal anu penting. Ku sabab, éta rumusan masalah bakal jadi pituduh dina ngumpulkeun data. Dumasar kasang tukang jeung watesan masalah nu dipidangkeun dina wangun patalékan di handap ieu.

1. Kumaha asal-usul jeung kamekaran upacara adat Ngaras di masyarakat Kelurahan Baleendah, Kecamatan Baleendah, Kabupaten Bandung?
2. Pakakas (properti) naon waé anu dipaké dina upacara adat Ngaras?
3. Kumaha prak-prakan upacara adat Ngaras ti mimiti pangaosan nepikeun ka siraman?
4. Simbol-simbol jeung ma'na naon waé anu nyampak dina upacara adat Ngaras ti mimiti pangaosan nepikeun ka siraman?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan diayakeunna ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum sarta tujuan husus. Tujuan umum sarta tujuan husus dipedar dina wangun kalimah di handap

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang katut watesan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum, pikeun miara tradisi nikah adat Sunda sangkan angger aya, ngeyeub-ngeyeub pangaweruh ngeunaan *ngaras*, ngungkab budaya tradisional dina *ngaras*.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun sawatara hal anu aya dina ngaras, nya éta:

1. Kamekaran ngaras di tanah Sunda;
2. Prak-prakkan dina ngaras;
3. Pakakas (properti) anu dipaké dina ngaras; jeung
4. Simbol-simbol jeung ma'na dina ngara

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat nu bisa dicangking tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat teoritis, mangpaat praktis jeung mangpaat kawijakan, sarta dipedar dina wangun kalimah di handap.

#### 1.4.1 Mangpaat Teoritis

Mangpaat teoritis dina ieu panalungtikan nya eta pikeun nambahan elmu pangaweruh ngeunaan budaya jeung kasenian urang Sunda salah sahijina dina ngaras. Sangkan bisa ngamotivasi panalungtik nu séjén pikeun nalungtik deui leuwih jero ngeunaan runtuyan ngaras. Salian ti éta, istilah-istilah jeung simbol sarta ma'na nu nyampak dina runtuyan acara ngaras bisa dikumpulkeun tuluy dipake pikeun anak-incu.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa nuwuhkeun pangaweruh masarakat umum, hususna masarakat

Sunda ngeunaan budaya, salasihijina ngaras, sangkan leuwih apal kana budaya Sunda.

Simbol jeug ma'na nu nyampak dina runtuyan ngaras nu kapanggih dina ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun ngaronjatkeun kualitas kahirupan.

### **1.4.3 Mangpaat Kawijakan**

Hasil panalungtikan upacara adat ngaras di Kelurahan Baleendah, Kecamatan Baleendah, Kabupaten Bandung, bisa jadi sumber informasi keur pamaréntah, hususna Dinas Kebudayaan jeung Pariwisata Kabupatén Bandung. Dina ngamumulé sarta mekarkeun tradisi seni Sunda, utamana tradisi upacara adat pra nikah Ngaras di Kelurahan Baleendah, Kecamatan Baleendah, Kabupaten Bandung.

Ieu hasil panalungtikan ngaras di Kelurahan Baleendah, Kecamatan Baleendah, Kabupaten Bandung, téh panalungtik turun langsung ngajukeun patalekan ka narasumber anu paham ngeunaan ngaras jeung nyaksian sacara langsung Ngaras anu aya di Kelurahan Baleendah, Kecamatan Baleendah, Kabupaten Bandung. Ieu panalungtikan téh orisinil hasil tina usaha panalungtik jeung bantuan ti pihak-pihak anu bisa dipercaya sumber informasina.

### **1.4.4 Mangpaat pikeun Isu sarta Aksi Sosial**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sumber informasi pikeun mikanyaho kumaha sajarah ngaras, sarta anu kawilang penting nya éta ngeunaan ajén semiotik anu nyangkaruk dina ngaras. Salian ti éta panulis mikaharep ieu panalungtikan bisa jadi motivasi keur saha waé nu hayang ngaguar atawa maluruh kabeungharan budaya nu aya di tatar Sunda.

## **1.5 Raraga Tiori jeung Raraga Tulisan**



Tiori nu dipake dina ieu panalungtikan nya éta tiori deskriptif. Panalungtik ngébréhkeun sagala hal dina ngaras nu aya dina lapangan, ku cara wawancara sacara langsung ka narasumber.

Teori deskriptif mangrupa metode panalungtikan anu ngagambarkeun jeung ngébréhkeun objek panalungtikan saluyu jeung kaayaan (Best, 1982, kc. 119).

*“Metode deskriptif adalah metode yang digunakan untuk menggambarkan atau menganalisis suatu hasil penelitian tetapi tidak digunakan untuk membuat kesimpulan yang lebih luas”*(Sugiyono, 2009, kc. 21).

Budaya asal kecapna tina “budi” jeung “daya” anu hartina usaha, tanaga, karep, pikiran, jeung perasaan jelema. Sedengkeun harti kabudayaan nya éta hasil, tanaga, pikiran, sarta parasaan jelema guna nambahan kasenangan jeung kani’matan jelema ku rupa-rupa akal jelema (Danadibrata, 2006, kc. 108)

Simbol asalna tina bahasa Yunani nya éta *symbolos*, anu hartina tanda, ciri pikeun nepikeun hiji hal ka jalma séjén. Dina *Kamus Umum Bahasa Indonesia* (2008), simbol atawa lambang hartina sabangsa tanda, lukisan, omongan jeung sajabana, nu ngébréhkeun hiji hal, nu miboga maksud nu tangtu.

Ngaras nya éta salasahiji bagian tina upacara adat Siraman, anu hartina ngumbah dampal suku indung jeung bapa. Tujuanna teu lian pikeun ngébréhkeun kanyaah budak ka nu jadi kolot, ogé salaku simbol bakti nu pamungkas sabab rék nyanghareupan kahirupan nu anyar.

## **1.6 Raraga Tulisan**

1. Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Bab I mangrupa bubuka anu ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, raraga teori jeung raraga tulisan.

2. BAB II ngawengku ulikan pustaka, panalungtikan saméméhna, kalungguhan tioritis panalungtik, wangenan upacara adat Ngaras, wangenan kamekaran upacara adat Ngaras, tujuan upacara adat Ngaras,
3. BAB III mangrupa métodologi panalungtikan anu ngawengku lokasi jeung sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, metode panalungtikan, wangenan operasional.
4. BAB IV eusina ngeunaan analisis data jeung pembahasan hasil panalungtikan dumasar kana patalékan anu aya dina rumusan masalah, anu saterusna dipatalikeun jeung téori-téori dina bab II
5. BAB V mangrupa panutup anu ngawengku kacindekan hasil panalungtikan, jeung saran pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.